


Nan lespwa ke sévitè Bondyé-a

Marie-Joseph Lagrange

(1855 - 1938)



Fondatè lékòl Biblik Jérusalèm



Lavi Pè Lagrange

1880
Salamanque

Albert Lagrange té fèt nan vil Bourg-en-Bresse, nan dyosès Belley-Ars, nan dat 7 mas lané 1855. Lèl te gen twa lané, li te resevwa benediksyon nan men Pè Jean-Marie Vianney, Pè yo rélé sen Kiré d'Ars la. Aprè-l té fin fè kék étid klasik nan ti séminè Autun, li té alé nan vil Paris pou-l té kapab étidyé dwa é li té fè yon dòktora nan disipli-n sa-a.. Kòm aspirasyon sen Dominique la te sédwi-l, li antre nan ti séminè

Issy-les-Moulineaux nan lané 1878-1879, apre sa li antre nan novisya kay frè préchè-yo nan vil Saint-Maximin koté li te resevwa rad dominiken an nan men pè provensyal la ki sé té frè Hyacinthe-Marie Cormier, ké Jean-Paul II té béatifyé. Kou novisya té fini nan lané 1880, apre yon lwa ki té mandé ke tout rélijyé dwé volé gagè, tout frè dominiken yo té kité peyi la France. Sé frè dominiken espaniol yo ki te akéyi frè dominiken fransè yo nan kouvan yo sen Etienne nan vil Salamanque, kote frè Lagrange té etidyé téyoloji nan lign sen Thomas d'Aquin épí tou li té etidyé doktrin mistik sent Thérèse d'Avila a. Li té òdoné pè nan vil Zamora nan dat 22 désanm 1883. Kòm li té renmen etidyé anpil, yo té voyé-l nan kouvan sen Etienne, ki té yon lékòl pou etidyé labib é ki té inogiré nan dat 15 novanm 1890. Dépi lè sa-a jouk jou lanmò li, tout la li te konsakre nan travay labib : Pè Lagrange se té yon chèchè, yon profésé ekzéjéz, li té direktè lékòl biblik la ak revi biblik la (1892), li te ekri yon pakèt liv ak anpil atik, se te yon prédikatè... Li té viv karant-senk lané nan peyi Jérusalem. Pami tout liv li yo, sila tout moun plis konnen-an se : Lévanjil Jézi-Kri a. Liv sa te tradwi nan plizyè lang.

Gras a travay ekzéjèt li a, pansé Katolik la te twouvé plas li nan mitan mond savan yo. Li té rankontré anpil difikilté nan travay anonsé lévanjil la pou délivrans nanm tout moun. Men Pè Lagrange te rété fidèl jouk nan bout nan sèvis légliz la.

Paske Pè Lagrange te malad anpil, nan lané 1935, li rantré définitivman nan péyi la France, ekzaktéman nan kouvan li Saint-Maximin, koté li té mouri nan dat 10 mas 1938. Dépi lané 1967 kadav li twouvé-l nan Jérusalem nan kè légliz Saint-Etienne.

Kék teks Pé Lagrange

Refleksyon konsènen la charité a

- « Pami mwayen ki pi efikas pou touché kè ti moun yo, nan lit kont égoysis, kont plézi, avan menm tout enstriksyon publik oubyen privé, mwen pansé ke priorité dwé akodé a pòv yo, yo fêt pou vizité yo lakay yo menm. Li te genyen nan ti séminé-a yon konférans Saint-Vincent-de-Paul, sé te yon loné pou mwen pou-m te fè pati dé konférans sa. »

Über die wissenschaftliche Bibelarbeit

- « Se avèk dokiman ak moniman ke istwa fêt. »
- « Fò nou pa rann kritik responsab de tout sa ki mal. Se selman kritik ki ka konbat kritik. »
- « Nan la Bib Bon Dye te bay lètèlijans yon travay ki pa janm fini, e si nou gade byen, gras a sa lètèlijans ka fè anpil pwogrè sou chimen laverite-a. »
- « Se selman la Bib ki ka fè-n antre nan yon konpréansyon pi pwofond de Bon Dye epi ki ki fè-n renmen-l tou. »
- « Mwen pran angajman pou-m di ke la Bib se yon bagay sen, menm jan ak sakreman yo ki sen. »

Refleksyon konsènen travay entèlijans la

- « Nou pa ta vlé namn kèk moun pèdi paske yo refizé admet sa Legliz pa mandé yo pou yo kwè. »

Refleksyon konsènen fidélité nan mitan eprèv yo

- « Pa dwe gen trystès ni féblès ! Pa gen ankenn vrè solda ki pral boggonen si chefli ta mande-l pou-l al goumen, anplis se ta pi grav ankò si solda sa-a ta pèdi batay la ou byen si li ta kouri kité batay la. »

Refleksyon konsènen la pryè

- « Mwen renmen tandé levangil la lè dyak la chanté-l sou anbon-an nan mitan pakèt lafimen lanson : pawòl yo antre pi fon nan nanm mwen pi plis pasé lè-m twouvé yo nan yon diskisyon nan yon revi. ».





Kek teks P. Lagrange

Refleksyon konsènen la pryé maryal

- « Apré sa Origène te di, se nòmal ke nou timid. Se poun gen kouraj di : teks levanjil yo se yon moso apa nan tout la Bib la, lévanjil sen Jan-an menm se yon moso apa pamì lòt tèk levanjil yo : pa gen moun ki ka konpran lévanjil sila si li pa te kouche sou lestomak Jézi epi tou si Jézi pat ba li Marie pou manman. »
- « Manman Marie se moul ki pèmèt nanm nou vin sanblé ak Jézi. Antré nan moul sa-a ! »
- « Rosè-a se yon rezimé tout levanjil la, se li menm ki dirige-n vè pwojè Bondye pou nou an, pwojè lavi nèt alé-a ke mistè lenkanasyon ak mistè la pasyon Jézi-a pèmèt nou espere viv. Men Rosè-a, an tan ké reflè lavi Jézi-a, pa fi-n konplè nèt. Li manke kèk bagay, pa ekzanp, li pa di anyen sou sa ki konsènen espésyalman ansènyeman Sovè-a. Eské résité rosè-a dispansé-n li labib, osinon eske li rann labib initil ? Nou dwe di pito ke rosè-a fè nou anvi li labib, li rann labib endispansab, si nou vle tout bon vre wè devan je nou mistè yo ke nou vlé medité-a. »

Dyosèz Fréjus-Toulon fini dépi lontan pwoisé dyosèz la pou kesyon beatifikasyon père Lagrange lan. Pami yon kantite moun ki témwanye sou kalite charité, bél èv ak entèseson P. Lagrange, nou ka mansyone bél elòj ke Pap Paul VI ak Pap Jean-Paul II te fè pou gran savan sa-a ki te kapab makonnen la fwa ak la syans ansanm.

**Men adrès ou ka itilisé si ou vlé patajé avek lòt yo
yon favè ou résérvwa pa lentèseson P. Lagrange**

Association des Amis du Père Lagrange

Couvent des dominicains

9 rue Saint-François-de-Paule - 06357 Nice Cedex 4 - France

Site internet : www.mj-lagrange.org

Email de l'Association : pere.marie.joseph.lagrange@gmail.com

Email de Manuel Rivero o.p., président : manuel.rivero@free.fr

